



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 9 avril 2013

GOUVÈNÈ CUOMO PWOPOZE NOUVO KATEGORI KRIM KORIPSYON PIBLIK

Lwa sou Konfyans Piblik Ta Krewe yon Nouvo Kategori Krim Koripsyon Piblik, Menmsi Nouvo Sanksyon sou Delenkan yo, Egzije Ofisyèl Piblik yo pou Rapòte Koripsyon

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon nouvo pwojè-lwa, Lwa sou Konfyans Piblik, ki ta krewe yon nouvo kategori krim koripsyon piblik ak amelyore mwayen pwokirè New York yo genyen pou ranfòse lalwa kont koripsyon piblik yon fason pi sevè toupatou nan eta a.

Pou kounye a, lwa ki defini koripsyon piblik nan New York yo pase mòd, epi yo mwen efikas pase lwa federal yo pou trennen moun ki fè krim koripsyon piblik nan lajistis. Lwa sou Konfyans Piblik Gouvènè a te anonse jodi a ta krewe yon nouvo kategori krim koripsyon piblik epi lwa a ta agrandi definisyon ki genyen kounye a pou zak koripsyon piblik pou pèmèt pwokirè yo fè moun ki vyole konfyans piblik pran responsablite yo. Lwa a ta enpoze tou santans anprizònman ki pi sevè kont moun ki mal itilize lajan leta, epitou lwa a ta entèdi moun ki kondane pou zak koripsyon piblik pou yo pa janm travay nan okenn fonksyon apre yo pase nan eleksyon oswa nan okenn fonksyon sivil, pou yo pa janm fè lòbi, pou yo pa janm jwenn kontra, pou yo pa janm resevwa lajan leta, oswa pou yo pa janm fè biznis avèk eta a, dirèkteman oswa avèk yon òganizasyon.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Prevansyon koripsyon piblik enpòtan pou asire gouvènman an fonksyone ak kapab toujou gen konfyans piblik la yon fason ki efikas. Lwa sou Konfyans Piblik rekonèt krim koripsyon piblik ta dwe trete yon fason ki pi serye pase lòt krim fonksyonè leta paske lè yo vyole lalwa, yo vyole tou konfyans piblik la pèp la mete nan gouvènman an. Lè mwen te pase nan eleksyon, mwen te fè yon pwomès pou Nouyòkè yo pou fè gen onètete ankò nan gouvènman eta a, pou nou jwenn konfyans pèp la ankò. Nou te fè twòp pwogrè nan rebati gouvènman sa a pou nou ta fè back. Pwojè-lwa sa a ap kontinye travay nou pou nou jwenn konfyans piblik la ankò lè nou bay chak pwokirè distri ki nan eta nou zouti yo bezwen pou jwenn ak pini tout fòm koripsyon piblik nan chak nivo gouvènman an.”

Haitian Creole

Nouvo kategori Krim Koripsyon Piblik ta gen ladan krim ki endike anba la yo: kowonp yon fonksyonè piblik, kowonp gouvènman an, epi pa rapòte yon lajan anba-tab oswa yon tantativ pou jwenn lajan anba-tab.

I. Nouvo Krim pou Vyolasyon Konfyans Piblik la

Lajan Anba-Tab yon Fonksyonè Piblik Resevwa: Pwojè-lwa ki pwopoze a ta agrandi lwa kont koripsyon eta a ki la deja pou bay pwokirè yo lòt zouti pou kondane delenkan yo. Dapre lwa eta ki la kounye a, yon pwokirè gen pou pwouve te gen yon akò kowonpi oswa yon entèpretasyon koripsyon ant moun ki peye lajan anba-tab la ak moun ki resevwa lajan anba-tab la. Sa pa nesèsè dapre lwa federal, epi li se yon fado lou ki pa nesèsè. Dapre nouvo dispozisyon Lajan Anba-Tab Fonksyonè Piblik resevwa, yon pwokirè ta sèlman gen pou pwouve moun ki peye lajan anba-tab la “te gen entansyon” pou enfliyanse fonksyonè piblik la oswa moun ki resevwa lajan anba-tab la te gen entansyon pou kite yo enfliyanse li, pou mete lwa eta a annamoni avèk prensip federal la. Sanksyon kont lajan anba-tab ta ogmante, pou diminye tandans lan pou yon krim Kategori C ant \$10.000 dola ak \$5.000 dola, kantite lajan yo itilize pou bay lajan anba-tab la, epi jiska \$10.000 dola ak plis pou yon krim Kategori B.

Koripsyon Gouvènman an: Pwojè-lwa ki pwopoze a ta fè nenpòt moun pran responsablite li – kit li se yon ofisyèl piblik kit li pa youn - yo jwenn ki angaje nan twonpe gouvènman an. Pwojè-lwa a amelyore sanksyon yo tou pou tout delenkan lajistis kondane poutèt li twonpe gouvènman an nan krim Koripsyon Gouvènman an. Dapre nouvo lwa a, nenpòt moun, kit l ap aji nan tèt ansanm avèk yon fonksyonè piblik oswa pa avèk youn, ki angaje nan yon pwosesis konduit pou twonpe gouvènman eta a oswa yon gouvènman lokal ta koupab pou yon krim ki kòmanse depi nan katyèm degre (krim kategori E) pou rive nan premye degre (krim kategori B), selon kantite lajan ki fè li bay manti a.

Lè yon Moun pa Rapòte Koripsyon Piblik: Pwojè-lwa ki pwopoze a ta konsidere kòm yon deli pou premye fwa pou nenpòt ofisyèl piblik oswa anplwaye ki pa rapòte koripsyon.

II. Nouvo Sanksyon Sevè pou Move Itilizasyon Lajan Kontribiyab yo

Nouvo Sanksyon pou Koripsyon Piblik: Pwojè-lwa ki pwopoze a ta kreye nouvo sanksyon pou zak tankou nenpòt kalite fwod, vòl, zak blanchiman lajan ki konsène byen gouvènman eta a oswa byen gouvènman lokal. Sa vle di yon delenkan ta jwenn yon sanksyon ki pi sevè si zak la te fèt kont gouvènman an. Santans lan ta nan yon nivo siperyè parapò ak zak ki anba-anba a. Pa egzanp, si zak anba-anba a (pa egzanp, vòl) se te yon krim kategori D, lè sa a patisipasyon byen gouvènman eta a oswa gouvènman lokal la ta ogmante santans lan an krim kategori C. Krim espesifik ki la deja ki afekte yo se krim ki defini dapre dispozisyon Lwa Penal:

- ti vòl
- gwo vòl
- itilizasyon yon òdinatè san otorizasyon

- itilizasyon yon veyikil san otorizasyon
- blanchiman lajan

Plis Sanksyon pou Move Konduit Ofisyèl: Dapre lwa ki la kounye a, Move Konduit Ofisyèl se yon deli. Pwojè-lwa ki pwopoze a ap kreye twa nouvo degre Move Konduit Ofisyèl: yon krim Kategori R (sanksyon maksimòm nan se 4 ane), krim Kategori D (sanksyon maksimòm nan se 7 ane), ak krim Kategori C (sanksyon maksimòm nan se 15 ane).

III. Entèdiksyon Gouvènman Bay Avi

Nouvo kategori krim koripsyon piblik yo ta enpoze lòt sanksyon, anplis santans anprizònman ak amann kriminèl, tankou:

- Entèdiksyon pèmanan kont tout moun ki kondane pou krim koripsyon piblik pou yo pa nan fonksyon apre yo pase nan eleksyon oswa nan fonksyon sivil, pou yo pa sèvi kòm moun ki anrejistre pou fè lòbi, oswa pou yo pa fè biznis avèk eta a, tankou nan nenpòt òganizasyon y ap administre.
- Entèdiksyon pou moun pa fè òf sou kontra leta oswa pou yo pa jwenn kontra leta
- Entèdiksyon pou moun pa resevwa plizyè kredi fiskal
- Entèdiksyon pou moun pa sèvi kòm founisè Medicaid, founisè asirans travay oswa founisè konpansasyon travayè
- Bay Jij yo chwa pou egzije peman jiska twa fwa kantite lajan pwofi oswa gen ki fèt nan tranzaksyon ilegal
- Kreyasyon yon kantite lajan fiks otomatik pou nenpòt amann oswa lòt sanksyon ki enpoze kont nenpòt ranbousman taks Eta a

Fikse Lwa sou Limit yo: Dapre nouvo pwojè-lwa ki pwopoze a, menm kantite oswa sispansyon lwa sou limit senk ane apre moun kite fonksyon an ap aplike pou fonksyonè piblik yo ak moun ki aji nan tèt ansanm avèk yon fonksyonè piblik pou fè move konduit nan fonksyon piblik. Pou kounye a, lwa sou limit pou ofisyèl piblik yo anvigè pou senk ane apre yo kite fonksyon yo, men pa pou moun ki aji nan tèt ansanm yo ki pa fonksyonè piblik.

Lòt Zouti pou Pwokirè yo: Pou premye fwa, yon temwen ki bay temwayaj devan yon gran jiri k ap mennen ankèt sou fwod sou move konduit gouvènman oswa ofisyèl ap resevwa sèlman iminite pou “itilizasyon”, pa iminite pou “tranzaksyon” pou deklarasyon temwen an ka anba sou sèman. Sa vle di temwen an, ki ka oswa ki pa patisipe nan tranzaksyon kriminèl la anba ankèt la, ka toujou nan pwoblèm avèk lajistis pou wòl li si pwokirè a devlope prèv ki diferan ak endepandan avèk prèv temwen an bay. Zouti enpòtan sa a pou batay kont krim respekte pratik New York avèk pratik federal nan domèn sa a.

Pwokirè Distri Manhattan, Cyrus R. Vance, Jr., Prezidan Asosyasyon Pwokirè Distri Eta New York, di konsa, “Menm jan piblik la bezwen konfyans nan onètete sistèm jistis kriminèl nou an, nou bezwen gen konfyans tou pou gason ak fanm nou fè konfyans fè travay piblik la avèk anpil onètete. Depi mwen te pran fonksyon, mwen te bay sipò mwen pou anpil lwa ki bay pwokirè eta a plis zouti pou mennen ankèt ak trennen moun lajistis pou koripsyon nan tout nivo gouvènman an. Se sa pwopozisyon Gouvènè a fè. Pwojè-lwa a pèmèt pwokirè yo trennen moun lajistis pou nouvo krim twonpri gouvènman an, epi y ap chèche sanksyon ki pi sevè pou moun ki fri oswa ki aksepte lajan anba-tab oswa ki fè krim kont enstitisyon piblik yo. Mwen di Gouvènè Cuomo mèsi poutèt li vanse avèk pwojè-lwa enpòtan sa a.”

Pwokirè Distri Konte Nassau, Kathleen M. Rice, di konsa, “Pwokirè yo bezwen pi bon zouti pou fè ofisyèl piblik yo pran responsablite yo lè yo trayi konfyans piblik la. Pwopozisyon Gouvènè Cuomo fè yo bay yon restriktirasyon ki trè nesèsè pou lwa kont koripsyon piblik nan New York yon fason pou nou kapab pi byen fè ankèt ak trennen lajistis moun ki twonpe kontribiyab yo, pandan l ap ranfòse sanksyon pou moun ki abize fonksyon yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè a poutèt li pwopoze pwojè-lwa enpòtan sa a pou amelyore mwayen nou pou batay kont koripsyon piblik nan chak nivo gouvènman an.”

Pwokirè Distri Staten Island, Daniel M. Donovan Jr. di konsa, “Mwen di Gouvènè Cuomo mèsi poutèt li non sèlman rekonèt difikilte ki genyen nan trennen moun lajistis pou dosye koripsyon piblik yo, men tou poutèt li ofri bon jan solisyon pou bay sanksyon ki pi sevè epi pou elimine lakin yo. Antan pwokirè, nou gen responsablite pou pouswiv kriminèl yo lajistis, epi pafwa, kriminèl yo gen ladan moun ki trayi pèp ki te eli yo. Lwa sou Konfyans Piblik gouvènè a pral ede nou jwenn konfyans piblik la ankò.”

Pwokirè Distri Bronx, Robert T. Johnson di konsa, “Mwen dakò nèt avèk Gouvènè Cuomo ki endike lè a rive pou mete yon pwen final nan move grenn ki nan mitan ofisyèl eli yo, epi mwen di gouvènè a mèsi poutèt li fè nou vanse nan objektif sa a avèk anons jodi a.

Pwokirè Distri Konte Kings, Charles J. Hynes di konsa, “Antan yon Pwokirè Distri ki te trennen pòtpawòl adjwen asanble a lajistis avèk siksè ak prezidan pati Konte Kings, Clarence Norman, twa jij ak Manm Asanble Eta a, Diane Gordon, mwen akeyi nenpòt agrandisman lwa k ap ede nou batay kont koripsyon piblik. Santans anprizònman ki pi sevè, entèdiksyon avi nan sèvis piblik, pou konsidere kòm yon krim lè yon moun pa rapòte yon koripsyon, yo tout se mezi ki abòde pwoblèm debaz lwa nou genyen kounye a ki pa efikas menm jan ak lwa federal yo. Anplis chanjman iminite yo bay pou yon moun ki bay temwayaj nan dosye koripsyon piblik depi nan iminite pou tranzaksyon pou rive nan iminite pou itilizasyon ap bay plis opòtinite ak pouvwa pou trennen lajistis moun ki ta itilize asiyasyon pou prezante nan gran jiri kòm yon baryè pou pouwit lajistis. Mwen bat bravo pou kalite dirijan Gouvènè Cuomo nan efò sa a, epi mwen sipòte li toutbon epi mwen espere travay avèk li pidevan pou wè kijan Pwojè-Lwa sou Konfyans Piblik ap vin yon lwa.”

Pwokirè Distri Queens Richard A. Brown di konsa, “Nou akeyi nouvo zouti enpòtan sa yo Gouvènè Cuomo pwopoze jodi a. Y ap ranfòse lwa nou yo epi y ap fè li posib pou pwokirè yo mennen ankèt avèk plis efikasite ak trennen moun lajistis pou koripsyon piblik.”

Pwokirè Distri Konte Monroe, Sandra Doorley, di konsa, “Pandan twò lontan, lwa ki pase mòd nan Eta New York te gen mwayen pwokirè yo limite pou derasinen koripsyon piblik. Bon jan pwopozisyon sa yo pral batay kont koripsyon ak lajan anba-tab ki diminye konfyans sitwayen yo genyen nan gouvènman yo chak jou. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt li voye yon mesaj ki klè ak serye pou moun ki ta rive menm anvizaje vyole konfyans piblik la.”

Pwokirè Distri Konte Niagara, William J. Fitzpatrick di konsa, “Pwojè-lwa sa a bay pwokirè yo zouti nou bezwen pou batay tout kont koripsyon epi pou trennen moun yo lajistis avèk efikasite. Gouvènè a rekonèt aklè pou netwaye koripsyon nan tout nivo gouvènman an, nou te bezwen refòm jeneral ak chanjman nan Lwa Penal New York. Pwokirè Distri Kamarad mwen yo ak mwen bat bravo pou apwòch dinamik Gouvènè Cuomo sou pwoblèm sa a, epi nou apresye toutbon paske limenm ak ekip li a te mande kontribisyon nou pou asire lwa sa a te itil, efikas ak serye.”

Pwokirè Distri Konte Broome, Gerald F. Mollen, di konsa, “Pwopozisyon Gouvènè a fè yo se yon etap enpòtan pou chanje sistèm jistis kriminel nou an yon fason pou pwokirè yo kapab atake koripsyon piblik. Respè pou demokrasi ak lwa nou yo ta dwe premye liy defans kont koripsyon piblik, men zouti debaz pou ankèt ak pouswit lajistis ta dwe dènye liy lan. Pwopozisyon sa yo ap kòmanse ede ranfòse dènye liy defans lan.”

Pwokirè Distri Konte Franklin, Derek Champagne, di konsa, “Koripsyon nan gouvènman an pa gen plas nan Eta New York, epi mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt li pran mezi jodi a pou mete anplas nouvo lwa serye k ap ede Pwokirè Distri nan eta a aplike lalwa sevèman kont moun ki vyole konfyans piblik la. Pwokirè yo bezwen zouti ki efikas ak ajou pou pini moun ki angaje nan koripsyon piblik, epi Lwa sou Konfyans Piblik pral yon gwo èd nan efò n ap fè pou derasinen konpòtman ilegal pami ofisyèl piblik yo. Mwen di Gouvènè a mèsi poutèt li pran devan avèk nouvo pwojè-lwa sa a.”

Pwokirè Distri Konte Rockland Zugibe di konsa, “Ofisyèl piblik yo jwenn konfyans piblik la avèk desizyon y ap pran ki nan pi bon enterè elektè yo. Men, twò souvan, nou jwenn lejislètè mètdam ki vyole konfyans piblik la lè yo fè fwod grav pou anrichi tèt yo malonètman epi ki angaje nan konpòtman ilegal. Lwa sou Konfyans Piblik la ap bay pwokirè yo yon nouvo zam nan batay ki pral fèt pou derasinen ofisyèl piblik k ap fè koripsyon nan tout nivo gouvènman an. Fonksyonè piblik ki kite goumandiz twouble jijman yo dwe pran responsablite yo pou move zak yo.”

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418